Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 5 (9964) 2 февраль 2024 с. / Рузман 22 ражаб 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Аппараталъул иргадулаб данделъиялда…

30 январалда, районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И. И. Шабазовасул нухмалъиялда, администрациялда тIобитIараб аппараталъул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана заместителал, управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана 2023 соналда ва гьелъул ахиралда тIобитIараб «рагьараб» эфиралда районалъул бетIерасде гIадамаз гьарурал гIарзабазулгун хитIабазул хал гьабиялда, гьелъул ккарал хIасилазда, къайимлъиялъулгун тIалаб-агъазалъул органалъул хIисабкьеялда, районалъул администрациялда рищватчилъиялъулгун закон хвезабиялъул хIужаби риччангутIиялъе профилактикаялъулал тадбирал тIоритIиялда хурхарал суалал.



Тадбир байбихьилалде, И. Шабазовас гьенир гIахьаллъаразул кIвар, цоги нухалда тIадвуссун, президент вищиялъул кампания гIуцIиялда нухда тIамиялъе рищиязул участкабазе хIажатаб кумек гьабизе жидеде кколезда тIадаб букIиналде буссинабуна.

ТIоцебесеб суалалда хурхараб кIалъайгун цее яхъана районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова.

Марьям-Асиятица абуна: *«Араб соналъ районалъул администрациялде гIадамазул 358 хитIабгун гIарзаби рачIана. Аслияб къагIидаялда, гьел хурхарал рукIана рукъзал ричиялдагун гьел росиялда (31), бакIал къачIаялда (30), ракьул участкаби кьеялда (26), яшав гьабизе рукъзал мухьдахъ ккеялда (19), яшавалъе бакIал хIажат букIиналда (15), къайимлъиялде кьеялда (13), дагIбаялда (12), материалияб кумек гьабиялда (10) ва цогидалги социалиял рахъазда.*

*РачIарал гIарзабазулги хитIабазулги хал гьабураб заманалда, бихьулеб буго гьезул цIикIкIунисел социалияб рахъалда (материалияб кумек, къайимлъи, бакIал къачIай, ракьул участкаби кьейи) хурхарал рукIин.*

*Цо-цо гIарзабазул (38), бакIаздеги щун, хал гьабуна. Гьезул цо-цоязда бихьизабураб битIараблъунги букIунеб гьечIо, узухъда, гьел къабулги гьаричIо. ЗахIмалъиялде ккарал яги цIаялъ зарал кьурал гIадамазе биччараб гIарцул къадар араб соналъ 271500 гъурущалде бахана. Бесдалал хьихьаразе, гьел къайимлъиялде росаразе 40 азарго гъурущ биччана.*

*Цо-цо гIадамазе кумек гьабизе инкар гьабизе ккана, щайгурелъул гьез хIажатал документал нижехъе рачIинчIого. АбичIого гIоларо, бакIазул администрациябазул специалистаз документал хIадуриялъулъ гъалатIал риччаялъул хIасилалда, гIарзабазул хал гьабиял кватIулелги гьел тIурачIогоцин хутIулелги руго. Нижехъе гIарзабиги хитIабалги информациялъул системабаздасанги рачIунел руго.*

*Цересел соназ администрациялде рачIунел хитIабал хурхарал рукIана районалъул росабалъе лъим бачиналда, амма гьелда тIад хIалтIизе байбихьанин лъазабидал, гьезул къадар дагьлъана.*

*2023 соналъ гIадамаз рачIарал хитIабалгун гIарзаби Дубки посёлок къачIаялда, нухал кколеб даражаялде рачиналда, Алмахъалде газ бачиналдагун гьениб школа баялда, лъайкьеялъул гIуцIабазул хIалтIи 5 къоялъулаблъун гьабиялда хурхарал рукIана. Киналниги рачIарал гIарзабазегун хитIабазе рагIа-ракьанде щварал жавабалги кьуна»*, -ян.

Араб соналъул декабралда районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас тIобитIараб «рагьараб» эфиралда гIадамаз рорхарал суалазда хурхарал ишал тIуразариялда сверухъ гьабулеб хIалтIул бицен гьаби нахъбахъана, ва гьелъул иргадулаб активалда хал гьабизе къотIи гьабуна.

Марьям-Асиятил кIалъаялда хурхун, И. Шабазовас абуна: *«Районалъе нухмалъулез кинаб гьабулеб буго гIадамазул хитIабалгун гIарзаби бетIералде рахъинариялъе. Амма цо-цо гьел рукIунел руго жидецаго ургъарал, квешлъи гьабиялде рачунел, гьересиял ва унгояб гьоркьор дагьал. Гьедин бугониги, гьезул хал гьабизе ва массовияб информациялъул алатаздасан, гьединазда хурхун, гIадамазе бичIчIен кьезе ккола»*, -ян.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъазе яхъана къайимлъиялъулгун тIалаб-агъазалъул органалъул бетIерай специалист Загьраханум Батиева.

Гьелъ абуна: *«Араб соналъ эбел-инсул тIалаб-агъазалда гьечIеб ва балугълъиялде бахинчIеб 11 лъимер тIатинабуна, гьел умумузул гIагарлъиялъухъе къайимлъиялдеги кьуна. 2023 соналъул ахиралде къайимлъиялде ккараб 55 лъимер 39 хъизаналъул тIалаб-агъазалдаги, гьезул 18-ял тIубанго бесдаллъиялде ккаралги руго.*

*Къайимлъиялде ккарал хьихьаразе щибаб моцIалъ законалда бихьизабураб гIарцу кьолеб буго. Бесдаллъиялде ккараб 6 лъимер, гьезул сонал гIун рукIиналде балагьун, хIисабалдаса бахъунги цо лъимер умумухъе тIад ссинабунги буго.*

*Нилъер районалда 60 чи вуго жидер тIалаб гьабизе кколев. Нижеца заманалда хал гьабула гьезие яшав гьабизе чIезарун ругел шартIазул ва гьезда тIад хIалтIизабиялъе биччараб гIарац харж гьабиялъул. Соналдаса соналде къайимлъиялде ккаразул къадар дагьлъулеб букIаниги, умумузул кколеб бербалагьи жидедехун гьечIел лъималазул къадар цIикIкIунебги гьезул гIумруялъе хIинкъи букIунебги буго.*

*Жакъа къоялде 8 лъимер балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьор ишал гьариялъул комиссиялъул хIисабалдаги буго. Цо чанго хъизаналда, кколеб рацIцIалъиги чIезабун, лъимал хьихьулел гьечIо.*

*Гьединал цо-цоязда тIад хIалтIи гьабизе букIин бичIчIинабунги буго. Гьел хъизабазда ругезе щолел руго лъималазул пособияби, пенсияби ва гьел хьихьулел рукIарал камиялъе рихьизарурал гIарцул сурсатал, амма гьединал хьихьараз, рукъор кванил нигIматалги чIезаричIого, квен-тIех кафеязда заказ гьабулеб буго. Нижеца гьединазе, батIи-батIиял жамгIиял гIуцIабазул, диниял идарабазул жавабиял гIадамалги гьоркьоре цIан, профилактикаялъулал тадбирал тIоритIулел руго, амма гьез хIасилал кьолел гьечIо.*

*Гьединго, нижер халкквеялда руго законалде данде кколарел ягъидгIуцIаразул хъизабазулги Сириялдаса тIадруссаралги лъимал. Абизе ккола, аслияб къагIидаялда, гьел лъимал лъикIал шартIазда хьихьулел ругилан.*

*Араб соналъ къайимлъиялде лъимал росаразе биччан буго 3 млн. 984 азарго гъурущ, гьелъулъ нижеда тIад налъиги гьечIо. Заман щун, бесдалазул сияхIалъу лъа рахъаразе яшав гьабизе бакIал чIезаризелъун 9 млн. 338 азаралда 700 гъурущ биччан букIана, ва гьезул кIигоясе 2 млн. 359 азаралда 800 гъурущ биччазе къотIи-къайги хъвана. Гьедин росарал минаби администрациялъул буголъиялде росула ва бесдалазухъе кьола. Жеги рукъзал щвеялъе 17 чи вихьизавун вуго, амма гьезул цонигиясе рукъалъул сертификат жеги щвечIо»*,-ян.

Гьелъ гьабураб кIалъаялда хурхун, И. Шабазовас абуна: *«Ахирияв соназ районалда чан хIужа букIараб лъимал хьихьиялъул ихтияралдаса умумул махIрум гьаруураб?»*-ан.

Загьраханумица цо хъизан букIанилан абуна.

Районцоязда лъала, социалияб рахъал лъикIлъизабизелъун, лъималазе, сакъатазе, ресалда гьечIел хъизабазе риччалел гIарцулал сурсатазда сверухъ ахирго гьечIеб дагIба-рагIи букIунеблъиги бугеблъиги.

Нилъеда гьоркьоб цо къадар гIадамазул буго хIакъикъат лъалареб, гIарац щвеялъе хIажатал документал хIадуризе бажаруларел яги гьезда тIад хIалтIизе рес гьечIел. Гьел рахъазде бажари бугел ралагьани, дир пикруялда, Аллагьасул рахъалдасан кириги гIадамазул баркалаги щвела. Цоги, цIакъ рахIат хвезабулеблъунги бетIералде бахъинабизе захIматаблъунги бесдаллъуде ккаразе рукIине бакIал чIезариялъул суал кколеб буго, амма…

Тадбиралъул хал гьабиялде босараб хадусеб суалалда тIасан кIалъай гьабуна районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдулмутIали ДжабрагIиловас. Гьес, къокъгьабун, гьениб бицана араб соналъ муниципалияб хъулухъчагIазулги гьезул хъизабазулги буголъиялъул, щвараб хайиралъул, харж гьабиялъул баянал заманалда кьун рукIиналъул, прокуратураялъ муниципалиял нормативниялгун правовыял актазул проектазул рищватчилъиялде дандечIеялъул экспертизал тIоритIиялъул, рищватчилъиялъе шартIал рукIунгутIиялда тIад, гьоркьоб-къотIи гьечIого, хIалтIулеб комиссия букIиналъул, гьелъул председательлъун районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев кколеблъиялъул ва гьелда гьоркьор администрациялъул, ихтиярал цIуниялъул органазул, прокуратураялъул ва жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби ругеблъиялъул.

Араб соналъул хIасилал гьариялда комиссиялъул хIалтIуе гьоркьохъеб къиматги кьуна. ГIабдулмутIалил рагIабазда рекъон ва ришватчилъиялда хурхун, муниципалиял хъулухъчагIазда тIасан комиссиялде цониги гIарзаги бачIун гьечIо.

Гьесул кIалъаялда хурхун, И. Шабазовас гьесда гьикъана: *«Гьаб соналъе гIуцIараб комиссиялъул муниципалияб программа бугищ ва кигIанаб къадар гIарцул гьеб бетIералде бахъинабиялъе биччан бугеб»*,-ан. ГIабдулмутIалица абуна: *«Программа хIадур гьабунги ва гьелъие 130 азарго гъур. биччанги буго»*,-ян.

Гьаб суалалда тIасан гьабураб кIалъаялда И. Шабазовас абуна: *«Буголъиялъул, щвараб хайиралъул ва харж гьабиялъул справка хIадур гьабиялде, мухIканал гурел, гьересиял баянал кьунгутIиялде, гъалатIал риччангутIиялде муниципалиял хъулухъчагIаз кIвар буссинабизе ккола. Гьединал хIужаби раккани, хъулухъалдаса эркен гьаризецин бегьула»*,-ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича - чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 — КIочене биччангутIи мурадалда...
гьум. 3 — БахIарчи ракIалде щвезавуна
гьум. 4 — Волейбол

*Ленинградалъул блокада бахъаралдаса-80 сон*

# КIочене биччангутIи мурадалда...

ГIисинабгун гьоркьохъеб гIелалда тарихалдасанги чIахIиязда бихьунги лъала КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалъулъ бищунго ракIгъанцIизабулел лъугьа-бахъиназул цояблъун Ленинградалъул блокада букIараблъи.

872 сордо-къоялъ халатбахъараб гьеб блокадаялда ракъиялъги цIороялъги чан чи гIумруялдаса ватIа гьавуравали жеги мухIкан лъаларо, лъазе ресги батиларо, щай абуни, шагьаралъул гIадамазда тIаде гьенире областалъул бакътIерхьул рахъалдаса гIадамалги рачIун рукIаралъул.

Кин букIун батаниги, гьенир гIемерал гIадамал хвараблъи мухIканаб буго. Дол соназ гьениб кинаб ахIвал-хIал букIарабали лъазе бегьула документалиял фильмаздаса, хъвай-хъваяздаса ва биценаздаса.

Дида кинго цебе чIезабизе кIоларо эбел-инсуда цебе ракъиялъги цIороялъги лъимал хвей, гьединго лъималазда цере эбел-эмен хвейги. Гьелдаса захIматаб цоги щиб букIине бегьулеб?!




Гьаб заманалъул цо-цо политиказ, дол соназда хурхун, бицунебги нилъер цIикIкIунисезда рагIун батила, гьез абулеб буго гьедигIанаб гIакъуба гIадамазда бихьизе биччачIого, шагьар немцахъе щай кьечIебан. Дида ккола гьединазе доб заман цоги нухалда тIадбуссинабизе рес бугебанищан, щайгурелъул гьезие немцаз щиб гьабизе букIарабали гьезда бихьизе.

РакIчIун абизе кIола гьел немцазул рахъалде ине рукIанин, ва, кин букIаниги, гьезда лъикIаб къо бихьизеги букIинчIин. Гьеб рахъалъул гъварилъудеги ваккичIого, дие бокьун буго ВатIан, гьелъул тарих, гIадамал рокьулез, 80 сон гьоркьоб аниги, доб заман наслабазда кIочонгутIиялъе гьарулел ишазул бицине.

Нилъеда лъала, улкаялъул президентасдаса байбихьун мухъилал гIадамазде гIунтIун, дол соназда хурхарал тадбиразда гIемераб къадар гIадамазул гIахьаллъулеблъи.

Гьедин букIана гьаб соналъги. ТIубанго блокада бахъараб 27 январалда цересел къояз, гьеб къоялъ ва хадусан, «*Блокадаялъул чед*» цIаралда гьоркь, нилъер тIолабго пачалихъалда батIи-батIиял тадбирал тIоритIана. Узухъда, тIоритIана гьел нилъер районалдаги.

25 январалда, ЦТКНРалъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун ва тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, Дилим росдал централияб байданалда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби, жамагIаталъул вакилзаби, цIалдохъаби, лъималазул ахазул гьитIичал ва цогидаги.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъарав жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас абуна: «*Жакъа нилъ данделъун руго КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалъулъ бищунго ракIгъанцIизабулеблъун букIараб Ленинградалъул блокада бахъаралдаса 80 сон тIубаялда хурхараб данделъи тIобитIизе.*

*Гьеб тIобитIиялъул бугеб кIвар бичIчIунарелги ратиларо. Инсаниятальул тарихалъулъ гьедин халатбахъараб сверункквей букIинчIо. 900-ялде гIагарун сордо-къоялъ халатбахъараб блокадаялда советиял гIадамаз бихьизабуна бахIарчилъи, къохIехьей ва тушманасе жидеца бетIер къулизе гьечIеблъи.*

*Киданиги кIочене бегьуларо нилъер умумузул тарих, ва нилъеда тIадаб буго гьеб хадусеб гIелалъухъе кьезе»*,-ян.

Гьединалго кIалъаял гьенир гьаруна «Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуралев секретарь Мурад Ибрагьимовас ва рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибовас.

Дол соназ букIаралда хурхараб рагъулабгун партиотикияб «*Ниж чIаго хутIана*» композиция гьениб, Сакинат Мурадисовалъул нухмалъиялда, №1 «*Маргьа*» лъималазул ахалъул гьитIичазги бихьизабуна. ГьитIичаз бихьизабураб композициялъ тадбиралъул гIахьалчагIазул ракIазе гьабураб асар гьезул бадиб хулараб магIуялъулъ бихьулеб букIана.

Данделъи ахиралде щвана блокадаялъул къурбанал ракIалде щвезариялъул минуталъулаб сихIкътIи тIобитIиялдалъун ва дол соназ блокадаялде ккаразе чIезабун букIараб чадил норма (125 гр.) тадбиралъул гIахьалчагIазе бикьиялдалъун.

Блокадаялда хурхараб тадбир ЦРБялъул хIалтIухъабазги тIобитIана. Гьез, тIадехун рехсарав М. Ибрагьимовасул гIахьаллъиялда, 17 чиясда гьоркьоб 30 суалалдасан гIуцIараб тестирование тIобитIана.

Рехсаралго гIадинал тадбирал тIоритIана районалъул централияб библиотекаялъул филиалазул хIалтIухъабазги.

ТIадехун рехсаралго гIадинал тадбирал районалъул киналниги росабалъ тIоритIана.

АбичIого гIоларо, блокадаялде ккаразда бихьараб гIакъубаялъул бицунеб, гьелда хурхун, лъималаз хъвараб цIалулеб ва видеофильмал рихьизарулеб заманалда тIадехун рехсарал чIахIиязулги гIисиназулги гьурмазул кьер хисулебги, гьезулъе бицине хIал гIолареб пашманлъиги, вукIарав тушманасдехун рокьукълъиги бихьулеб букIанин.

*Сталинградалъул рагъ лъугIаралдаса-81 сон*

# Цоги букIинчIеб гIадаб рагъда...

Гьаб соналъул 2 февралалда 81 сон тIубана Сталинградалъул рагъ лъугIаралдаса. 1942 соналъул 17 июлалдаса 1943 сонил 2 февралалде щвезегIан халат бахъараб, КIудияб ВатIанияб рагъул бищун кIвар цIикIкIараблъунги,



кIудияблъунги, вахIшияблъунги рикIкIараб гьеб рагъда, кIиябго рахъалдасан, 2,5 млн. цIикIкIараб къадар рагъухъабазул гIумруялдаса батIалъана.

Кколел камиязухъ балагьичIого, немцазе къваригIун букIана СССРалъул централиял районаздаги Кавказалдаги гьоркьоб букIараб транспортальулаб бухьен гьоркьоб къотIизабизе ва Кавказалъул чIегIераб нарт бахъулел бакIазда тIад кверщел гьабизе.

Гьедин гьабиялъ нилъер улкаялъе рагъ гьабизе захIмалъизе букIинги гьезда цIакъ бичIчIунаан. Нилъер армиялда, 1942 соналъул июлалдаса ноябралде щвезегIан немцазда дандчIейги гьабун, гьениб букIараб немцазул армия сверун ккезе ва гьеб щущахъ биххизабизе кIвана.

Гьелъул хIасилалда, материалияб рахъал хIисабалде росичIого, нилъер армиялъ асир гьаруна немцазул армиялъул командующийлъун вукIарав генерал-фельдмаршал Фридрих Паулюс, 24 генерал ва 90 азаргоялдаса цIикIкIараб къадар рагъухъабазул.

Гьеб бергьенлъиялъ кьучI лъунин абизе бегьула КIудияб ВатIанияб рагъда СССРалъ Германиялда тIад 1945 соналъул маялда босараб бергьенлъиялъе.

# ХIисабкьей тIобитIана

25 январалда районалъул администрациялда тIобитIана балугъалъиялде рахинчIезул ишазул, гьезул ихтиярал цIуниялъул комисиялъул хIисабкьеялъул данделъи.

Гьелъул хал гьабиялде росун рукIана 2023 соналъ комиссиялъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялда, хасалил заманалда гIолеб гIел цIаялдаса цIуниялда, букIине кколеб къагIидаялда, лъималазе тарбия кьоларел, гьелда кIвар буссинабуларел эбел-инсуда тIад гьарурал административиял протоколазда хурхарал суалал.

Араб соналъ комиссиялъ гьабураб хIалтIул бицине цеве вахъана комиссиялъул жавабияв секретарь МуртазгIали МухIамадов.

Гьес абуна: «*Араб соналъ комиссиялъ тIадчIей гьабуна балугъалъиялде рахинчIезда гьоркьоб такъсирчилъиялъул хIужаби риччангутIиялда.*

*2022 соналде данде ккун, араб соналъ гьел 38% дагьлъун руго. ХIалтIул хIасилалги гьарун, комиссиялъ хIукму гьабуна никотин гьоркьор ругел (сигаретал, хъалиянал ва гь.ц.), энергетикаялъулал гьекъолел лъамалъаби хIалтIизари дагь- лъизариялда тIад хIалтIизе»*, -ян.

Гьеб тIубаялъе тадбирал тIоритIи тIадкъана лъайкьеялъул управлениялдаги ОМВДялдаги.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъана лъайкьеялъул управлениялъул начальникасул заместитель Сайгибат Гереханова ва МЧСалъул цIаккеялдаса цIуниялъул районазда гьоркьосеб №10 частальул хIалтIухъан Рустам Джакавов.

Гьез бицана араб соналъ, цIаккеялъул хIасилалда, балугъалъиялде рахинчIезда гьоркьоб хвел ккеялъул хIужаби рукIинчIеблъиялъул.

Газил магIишаталъул кIудияв мастер Малик ЗайналгIабидовас гьениб бицана жидер хъулухъалъ гIадамазул рукъзабахъ ругел газалъул алатазул (плитаби, печал, котлаби) хал гьабиялъул ва гьел битIун хIалтIизариялъе гIадамалгун гьарурал малъа-хъваязул.

Гьениб росабазул бутIрузда тIадкъана, газил магIишаталъул хIалтIухъабигун цадахъ, гIемерал лъимал ругел ва язихъал хъизабазул рукъзабахъ газалъул алатал ритIун хIалтIизариялъул хал гьабизе ва гьенир цIаккей лъазабулел датчикал лъезе.

Гьединго, лъайкьеялъул управлениялда тIадкъана жидер жавабкьеялде кколел тIолалго гIуцIабазда газалъул алатал хIалтIизариялъул хал гьабизе.

# Маршрут цIи гьабуна

Нижеца газеталда кьун букIана районалъул бетIерас «рагьараб» эфир тIобитIиялъулги гьенир гIадамазул раккарал цо-цо суалал бетIералде рахьинариялда сверухъ хIалтIи гьабизе байбихьун букIиналъулги хIакъалъулъ. Гьел суалазул цояблъун букIана Ленинаул, Калининаул росабазул гIадамазе районалъул централдеги нахъеги хьвадиялъе санагIалъи гьечIолъиялъул хIакъалъулъ суал.

Гьеб бетIералде бахъинаби мурадалда, 22 январалдаса байбихьун, Дилим росулъа «Газель» микроавтобус «Дилим- Ленинаул-Калининаул-Дилим» маршруталда, радал сагIат 7- ялдаса бакъанида 4 тIубазегIан, хьвадизе буго.

Маршруталда хурхарал суалал раккарал кIалъазе бегьула гьаб номералде: **89883023137.**

***Гьумер хIадур гьабуна Ибрагьим Идрисовас***

*Инсан ва гӀумру*

# Гьасда ращалъани, лъикӀаб гьечӀебищ?

ГӀадамаз гӀемер бицуна рес бугел гӀадамаз гьарулел пайдаял ишазул хӀакъалъулъ, ккаралъур гьединал мисалалъеги рачуна. РакӀ бохизабула гьединазул къадар, къойидаса къойидe, цӀикӀкӀунеб букӀиналъги.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго рехсаразул цоявлъун жиндирго гӀезегӀанаб гӀарацги харж гьабуна. Гьелде тӀадеги, Юсупица росу тун къватӀирехун гьарулел ишазулъги жигараб гӀахьаллъи гьабула.

Араб соналъул ахиралда нижер росулъ Юсупица къачӀараб *«КӀудирогӀоро»* ицц рагьиялъул рохалилаб данделъи тӀобитӀана. Гьеб данделъиялда



кколев Гуни росулъа Юсуп Эмеевасул хӀакъалъулъ.

Юсуп гьавуна 1971 соналъ Гуни росулъ. Росдал гьоркьохъеб школа лъугӀун хадусан, гьев Киеваялъул кванил промышленностиялъул технологический институталде лъугьана.

Гьеб лъугӀун хадуб, росулъе тӀадвуссарав Юсуп рукъалъул магӀишаталда хӀалтӀулев вукӀана. СССР биххидал, ккарал хиса-басияз гьев даран-базаралде гьоркьове цӀана. Гьелдаса нахъе, Юсуп хӀажалъи ккаразе кумек гьабулезда гьоркьосаги камичӀо.

Хасавюрталда яшав гьабулев вугониги, Юсуп ризго щола гӀагараб росулъе, цебегоялдаса рузманалъул какги гьес росдал жамагӀатгун бала. Гьедин гьабиялъ гьесие рес кьола жамагӀаталда гьоркьоб бугеб ахӀвал-хӀалги, тӀоцебесеб иргаялда, гьелъие хӀажатабги лъазе.

Юсупица, росдае гуребги, гьабурабщинаб кумекалъул хӀакъалъулъ хъвазе ккани, гӀемераб заманги кагьатги хӀажалъула. Гьедин букӀиналъ, дие бокьун буго гьев унго-унгояв магӀарулас гьарурал цо-цо лъикӀал ишазул хӀакъикъат рехсезе.

Араб гӀасруялъул ахирияб соназ Юсупица, жиндирго харжалдалъун автобусги ккун, цо чанго нухалда гӀадамал хӀеж борхизе ритӀана, ва гьезда гьоркьов живгоги вукӀана. Жакъа къо щвезегӀанги, гьев хӀежалде хьвадана. Гьелдаго цадахъ, росдал гӀадамазе санагӀалъаби чӀезариялъулъги Юсупица кверчӀвачӀеб бакӀал хутӀун батиларо.

Росдал къватӀал, иццал, кьоял ва цогидал бакӀал къачӀаялда тӀад гьес росдал бетӀер ХӀабиб Юнусовас Юсупил гурхӀел-рахӀмуялъулал ишазе кӀудияб къимат кьуна.

Гьес абуна: *«Юсуп Эмеев ккола ракӀ гӀатӀидав, кидаго кумекалъе вахъине хӀадурав, унго–унгояв магӀарулав ва бусурманчи. Бокьараб заманалда гьев хӀадур вукӀуна росдае ва гьелъул гӀадамазе кумекалъе вахъине»*,-ян.

Росдал администрациялъулги гӀадамазулги рахъалдасан, гьес Юсупие къиматал сайгъаталги Баркалаялъул кагъатги кьуна. Данделъиялда гӀахьаллъарал районалъулгун росдал имамзаби МухӀамадрасул МухӀамадгъазиевасги, МухӀамадгӀариф Пумахановасги, жамагӀатчи Сулайман Сайгитовасги, районалъул харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургӀалиевасги Юсупица росдае гьарулел ишазе кӀудияб къимат кьуна.

Тадбир ахиралде щвана росдал культураялъул Рукъалъул хӀалтӀухъабазулги гимназиялъул цӀалдохъабазулги церерахъиназдалъун. Гьеле гьединав вуго нижер росдал чӀухӀилъун кколев Юсуп Эмеев.

Бокьун буго, *«Чапар»* газета гьоркьобккун, гьев гьайбатав инсанасе, росдал тӀолабго жамагӀаталъул рахъалдасан, ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабизе, гьаризе гьесие щулияб сахлъи, халатаб гӀумру, рохел, хъизаналъулаб талихӀ ва гьарулел киналниги лъикӀал ишазулъ даимаб битӀккей.

Аллагьас къабул гьареги гьес гьарулел тӀолалго лъикӀал ишал.

***Бесират Адуева, Гуни росу***

# "БахӀарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ" акциялда хурхун...

*«Чапар»* газеталъул цебесеб номералда (№4, 26.01. 2024 с. ,3 гьум.) хъван букӀана нилъер районалда, гьаб макъалаялъул бетӀералда рехсараб цӀаралда гьорькь, акция тӀобитӀулеб букӀиналъулги, гьелда хурхун, цо-цо хъизабахъе щвеялъулги хӀакъалъулъ.



29 январалда ЕИЦалъул хӀалтӀухъабиги нилъер районалда бугеб *«Улбузул къуват»* жамгӀияб гӀуцӀиялъул отделениялъул куратор Аминат Абужанатоваги СВОялда гӀумруялдаса ватӀалъарав Ленинауллалдаса АхӀмад Давурбеговасул хъизаналъухъеги щвана.

Гьениб ккараб гара-чӀвариялда АхӀмадил хъизаналъ, гӀага-божараз гьалбазе гьесул гӀумрудул хӀакъалъулъ бицана. Гьез ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна районалъул администрациялъе, социалияб хъулухъазе АхӀмадил хъизаналъе гьабураб кумекалъухъ.

Данделъиялъул ахиралда гьалбаз АхӀмадил хъизаналъе квералъ бахъараб гьесул сурат сайгъат гьабуна.

***«Салатавия» издание ялдаса босараб***

# БахӀарчи ракӀалде щвезавуна

Лъалеб букӀахъе, Россиялъул Президент Владимир Путинил Указалда рекъон, 2024 сон лъазабун буго хъизаналъул Сонлъун. Гьелда хурхун, *"Дур цӀар, бахӀарчи, машгьур гьабулеб буго"* цӀаралда гьоркь, Гуни росулъ тӀобитӀана Россиялъул БахӀарчи, МВДялъул полковник Арзулум Ильясов ракӀалде щвеялъул тадбир.

Гьеб росдал школалъул азбаралда бугеб Арзулумие лъураб обелискалда цере тӀугьдул лъеялдалъун байбихьана.



ДандчӀвалда гӀахьаллъана Арзулумил хъизангун гьесул цебесеб гӀагарлъи.

Гьениб Бесират Адуевалъ бахӀарчиясул гӀумруялъул нухалъул бицана ва лъималаз гьенир Арзулумил хӀакъалъулъ кучӀдул рикӀкӀана.

Тадбир хӀадур гьабиялда тӀад *«ТӀоцересезул багъа-бачари»* гӀуцӀиялъе нухмалъулей Тамач Юсуповаги гимназиялъул директорасул гӀакълучӀужу Расита Адуеваги хӀалтӀана.

***Ибрагьим Идрисов***

# ТӀадаб налъи тӀубалаго...

Рехсараб цӀаралда гьорькь, нижеца газеталда кьолел руго СВОялда гӀахьаллъулел ва гьениб бахӀарчилъи бихьизабуралъухъ ВатӀаналъул шапакъатазе мустахӀикълъарал нилъер гӀолохъабазул хӀакъалъулъ макъалаби. Гьединазул цоявлъун ккола Гуни росулъа МухӀамад ХӀасанов.



МухӀамад гьавуна 1995 соналъ Гуни росулъ. ГьитӀин вукӀаго, МухӀамадие бокьулаан рагъулаб форма ретӀарал рихьизе. Рагъухъабазул ретӀа-къаялъ гьезулъ бихьулеб ракӀа-рахарияль гьев хӀайранги гьавулаан. Росдал гьоркьохъеб школа лъугӀун хадуб, гьесда цебе *«Киве цӀализе лъугьинев?»* абураб суал чӀун букӀинчӀо, ва гьев Москваялъул тӀадегӀанаб рагъулаб училищеялде лъугьана. Гьеб лъугӀун хадув, МухӀамад рагъулаб частиялде хъулухъ гьабизе витӀана. МухӀамадица хъулухъ гьабулеб часть СВОялда гӀахьаллъизе битӀана.

Ротаялъул командир, гвардиялъул капитан МухӀамадица бажаризабун, махщалида ва ракӀбацӀцӀад хъулухъ гьабулеб букӀиналъе нугӀлъи гьабула гьесие щварал кӀиго *«Бихьинчилъиялъул»* орденалъ ва медалаз.

Жиндирго ва районцоязул рахъалдасан, районалъул бетӀер ХI. ХI. Мусаевас МухӀамадида баркулеб буго ВатӀаналъул шапакъатал щвей, гьарулеб буго гьесие сахлъи, рохел ва рагъулаб хъулухъ гьабиялъулъ жеги тӀадегӀанал бергьенлъаби.

***МухӀамадгӀазиз ХӀамидов***

*Армиялдаса харбал*

# Баркалаялъул кагъат

Дилим росулъа вацгӀалзаби Каримула ва Ислам МухӀамадхӀабибовал, рагъулаб хъулухъги тӀубан, араб соналъул ахиралда тӀадруссана.

Гьезул рагъулаб частиялъул командирзабаз республикаялъул рагъулав комиссар Даитбег Мустафаевасухъе бачӀараб кагътида хъвалеб буго:



*«Рагъулаб хъулухъалде ахӀарал Ислам МухӀамадхӀабибовас ва Каримула МухӀамадхӀабибовас армиялда рукӀараб заманалда жалго цого лъикӀаб рахъалдасан рихьизаруна, гьел гӀадлунизам цӀунарал, ракӀбацӀцӀадал ва захӀмат бокьулел, хӀажалъи ккаразе кумекалъе рахъине кидаго хӀадурал рагъухъабилъун рукӀана. Цадахъ ругел рагъухъабазе гьел мисалалъеги гӀемер рачунел рукӀана»*, -ян.

Республикаялъул рагъулав комиссар Даитбег Мустафаевасе сахлъиги хӀалтӀулъ бергьенлъабиги гьарулаго, рехсарал вацгӀалзабаз хъулухъ гьабураб рагъулаб частиялъул командирзабаз божилъи гьабулеб буго хадусанги рагъулаб хъулухъалде ахӀулел Дагъистаналъул гӀолилал Ислам ва МухӀамад гӀадиналлъун рукӀине ругеблъиялда.

***Ибрагьим Идрисов***

# Уважаемые жители района!

За прошедший 2023 год на территории нашего района зарегистрировано 22 ДТП, в которых 8 граждан получили ранения. Из этих восьми случаев, два случая являлись причиной совершения дорожно-транспортных происшествий ( выезд на полосу встречного движения). В связи с чем, на территории района, с 19 по 21 января 2024 года, организовано и проведено профилактическое мерроприятие *«Обгон»*. Так, за этот преиод сотрудниками ДПС выявлено 6 административных правонарушений по части 4 статьи 12.15 КоАП РФ (выезд в нарушение ПДД, на полосу, предназначенную для встречного движения). С начала текущего 2024 года, сотрудниками отделения ГИБДД ОМВД России по району выявлено и документировано 19 административных правонарушений по части 4 статьи 12.15 КоАП РФ, что говорит о крайне слабой дисциплине водителей.

В связи с чем, просим вас быть внимательнее на автодорогах, соблюдать правила дорожного движения, думать не только о своей безопасности, но и о безопасности других участников дорожного движения.

***ОГИБДД ОМВД России по Казбековскому району***

# Памятка
## при установлении уровней террористической опасности

В целях своевременного информирования населения о возникновении угрозы террористического акта и организации деятельности по противодействию его совершению, органами государственной власти и местного самоуправления Республики Дагестан, в соответствии с Указом Президента Российской Федерации от 14 июня 2012 года № 851, *«О порядке установления уровней террористической опасности, предусматривающих принятие дополнительных мер по обеспечению безопасности личности, общества и государства»*, могут устанавливаться уровни террористической опасности: повышенный (*«синий»*), высокий (*«желтый»*) и критический (*«красный»*).

Решение об установлении уровней террористической опасности подлежит незамедлительному обнародованию в средствах массовой информации.

В связи с установлением того или иного уровня террористической опасности на территории (участке, объекте) Республики Дагестан и принятием правоохранительными органами мер по обеспечению безопасности, гражданам рекомендуется:

- относиться с пониманием к проведению правоохранительными органами досмотровых мероприятий, а также иных мероприятий по обеспечению безопасности граждан;
- проявлять бдительность при нахождении в общественных местах и транспорте;
- при нахождении в общественных местах иметь при себе удостоверяющие личность документы и предоставлять их по требованию сотрудников правоохранительных органов;
- устанавливать связь с правоохранительными органами в случае появления подозрительных людей, автотранспорта и обнаружения бесхозных предметов; оказывать содействие специальным службам;
- следить за новостями, распространяемыми государственными органами и их пресс-службами в средствах массовой информации и сети *«Интернет»*, а также размещаемыми на официальных сайтах и интернет-ресурсах государственных органов и органов местного самоуправления.

При обнаружении подозрительного предмета:

- не трогайте, не передвигайте, не вскрывайте обнаруженный предмет;
- зафиксируйте время обнаружения предмета;
- постарайтесь сделать все возможное, чтобы люди отошли на максимальное удаление от места обнаружения подозрительного предмета;
- позвоните на номер экстренных оперативных служб 112;
- обязательно дождитесь прибытия сотрудников правоохранительных органов.

Помните: внешний вид предмета может скрывать его настоящее назначение.

В качестве маскировки для взрывных устройств террористами могут использоваться обычные бытовые предметы (коробки, сумки, портфели, сигаретные пачки, мобильные телефоны, игрушки).

Объясните это вашим детям, родным и знакомым.

Получив сообщение от представителей власти или правоохранительных органов о начале эвакуации, соблюдайте спокойствие и четко выполняйте их команды.

Если вы находитесь в квартире (доме), выполните следующие действия:

- возьмите личные документы, деньги, ценности;
- отключите электричество, воду и газ;
- окажите помощь в эвакуации пожилых и тяжело больных людей;
- обязательно закройте входную дверь на замок – это защитит квартиру от возможного проникновения мародеров;
- не допускайте паники, истерики и спешки, помещение покидайте организованно.

Возвращайтесь в покинутое помещение только после разрешения ответственных должностных лиц.

***Аппарат антитеррористической комиссии Республики Дагестан***

# Борьба с мышевидными грызунами

Во всех отраслях сельскохозяйственного производства в растениеводстве, в животноводстве, при хранении и переработке продукции, грызуны наносят существенный вред.

Особенно в последние два года (2022 и 2023г.г) подъем роста численности и их активизация наблюдается в хозяйствах нашего района. На озимых зерновых, на многолетних травах, на сенокосах и пастбищах, а также вокруг складских помещений. В некоторых участках их численность три раза превышало экономический порог.

Грызуны наносят сельхозкультурам и пастбищам повреждения различного характера: - скусывают надземные части растений, что вызывает задержку развития растений, зачастую созревание не завершается к моменту уборки урожая, роют землю, выбрасывая на поверхность глубинные слои подпочвы, что приводит к ухудшению плодородия полей, усиливает аэрацию и высыхание почвы. Основным кормом полевок являются зеленые части растений, но на многих угодьях зимой в их рационе появляются грубые корма, вплоть до коры деревьев, особенно в садах и питомниках. В холодное время года только посевы озимых хлебов служат практически единственным источником калорийного, богатого витаминами и легко усвояемого корма. Мышевидные грызуны имеют большой потенциал размножения, давая приплод по несколько детенышей 2-3 раза в году. Усиленному размножению мышевидных способствует наличие обильного корма при оптимальных погодных условиях: - теплая осень, зима с большим покровом снега, весна без заморозков. Необходимо существенно ограничить их распространение и численность. Одним из действенных методов является глубокая вспашка, разрушающая норы и устраняющая грызунов, тщательное устранение растительных остатков.

Самым эффективным является применение против грызунов химических и биологических препаратов.

По заявкам сельхозпроизводителей в лаборатории ФГБУ *«Россельхозцентр»* по РД производится эффективный препарат *«приманка для мышей»* в зависимости от численности нор применить до 6 кг/га , к нему восприимчивы все виды полевок. Препарат вызывает брюшной тиф у грызунов. Заражение грызуна происходит при поедании приманки, больная особь заражает и других здоровых. Препарат можно использовать в любое время года, даже зимой при температуре минус 30 градусов. Препарат вредоносен только для мышевидных грызунов и крыс.

Этот препарат ежегодно в нашем районе применяют в ГУПе *«Дылымское»*, в СПК *«Красный октябрь»*, *«Дружба»* с хорошей технической эффективностью.

В других хозяйствах района тоже отмечено повышение экономического порога численности грызунов, поэтому мы рекомендуем руководителям хозяйств своевременно проводить обработки против мышевидных грызунов.

Можно применить и химические препараты:

1. Клерат Г-3кг/га
2. Бродифвкум Гранд Г-4кг/га
3. Морторат Г-2кг/га
4. Изоцин БФК -6кг/га

Большая просьба всем землепользователям: не применять препарат Фосфид цинка, он исключен из списка разрешенных.

За справками и консультацией обращайтесь В Казбековский райотдел *«Россельхозцентр»* в здании МКУ *"Управления сельского хозяйства"*.

***Зульфия Дадаева, начальник Казбековского райотдела «Россельхозцентр»***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Волейбол

Арал гIодоркъояз Дилим росдал гимназиялда, 2008-2009 соназ гьарурал ясазда гьоркьор, волейбол хIаялъул зоналиял къецал тIоритIана.

ГьеI къецазда Муса ГIазаевасул спортшколалдаса ясазул командаги гIахьал-



лъана, ва гьеб гьениб чемпионлъун бахъана. Ясазул командаялъул тренерлъун Наида Алясаева ккола.

Нилъер командаялъе, Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, хIазе рес щвана.

***Насрула Алиукъаев***

**БетIерав редактор:**
И.Б. Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографияялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакцияялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**